

Nimewo 2

DEKRÈ EGZEKITIF

REVIZYON, KONTINYASYON AK EKSPIRASYON DEKRÈ EGZEKITIF ANVAN YO

ALÒSKE, yo te fè yon premye revizyon Dekrè Egzekitif ak amannman sa yo ki anvigè apati dat sa a;

ALÒSKE, pandan pwosesis revizyon sa a, yo te detèmine sèten Dekrè Egzekitif pa nesesè, pase mòd, oswa pa ta dwe kontinye;

ALÒSKE, yo te detèmine tou lòt Dekrè Egzekitif yo abòde pwoblèm k ap kontinye, epi yo Dekrè Egzekitif sa yo ta dwe kontinye; epi

ALÒSKE, li enpòtan pou idantifye pou piblik la Dekrè Egzekitif ki rete anvigè yo ak sa ki pa valab yo ankò;

KOUNYE A, KIDONK, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, akòz otorite mwen genyen anba Konstitisyon ak Iwa Eta New York, òdone pou, apre konsiderasyon, deliberasyon ak revizyon, tout Dekrè Egzekitif Gouvènè yo te pibliye anvan yo fèt pou abwoje, anile ak revoke nèt, ki dwe rete anvigè nèt jouk lè li revoke, ranplase oswa modifye; epi

ANSWIT MWEN ÒDONE pou revizyon Dekrè Egzekitif anvan yo dwe kontinye sou pwochen swasant (60) jou yo pou detèmine si lòt dekrè yo ta dwe revoke, ranplase oswa modifye.

DEKRÈ EGZEKITIF K AP KONTINYE

A. Dekrè Egzekitif Gouvènè Nelson A. Rockefeller

Dekrè Egzekitif Nimewo 42, ki te pibliye 14 oktòb 1970 (Konsènan pwosesis pou soumèt ak rezoud sèten doleyans anplwaye Eta yo).

B. Dekrè Egzekitif Gouvènè Mario M. Cuomo

Dekrè Egzekitif Nimewo 2, ki te pibliye 11 janvye 1983 (Ki te Kreye pozisyon Direktè Lajistis Kriminèl Eta a);

Dekrè Egzekitif Nimewo 5, ki te pibliye 16 fevriye 1983 (Ki te Kreye Divizyon Fanm yo nan Biwo Egzekitif la);

Dekrè Egzekitif Nimewo 6, ki te pibliye 18 fevriye 1983 (Ki te afekte responsablite Depatman Sèvis Sivil Eta a, ak Sèten Ajans Eta a pou asire menm opòtinite travay pou gwoup minoritè yo, fanm yo, moun andikape yo, ak veteran epòk Lagè Vyetnam nan gouvènman Eta a, epitou ki kreye komite egzekitif Gouvènè a pou aksyon afimatif);

Dekrè Egzekitif Nimewo 7, ki te pibliye 18 fevriye 1983 (Ki te kreye Komite Konsiltatif Gouvènè a pou Afè Ispanik);

Dekrè Egzekitif Nimewo 8, ki te pibliye 25 fevriye 1983 (Ki te mande ajans Eta yo pou konsidere pratik relasyon travay lè y ap bay kontra Eta a);

Dekrè Egzekitif Nimewo 11, ki te pibliye 26 avril 1983 (Ki te ogmante kantite manm ak pouvwa pou Komite Kowòdinasyon Tit yo);

Dekrè Egzekitif Nimewo 12, ki te pibliye 3 me 1983 (Ki te Mande Biwo Eta pou Granmoun Aje pou fè revizyon ak kòmantè sou politik ki afekte granmoun aje yo);

Dekrè Egzekitif Nimewo 17, ki te pibliye 31 me 1983 (ki te kreye Politik Eta a sou Enstitisyon Prive k ap Pratike Diskriminasyon);

Dekrè Egzekitif Nimewo 19, ki te pibliye 31 me 1983 (Deklarasyon Politik Eta New York sou Asèlman Seksyèl nan Espas Travay);

Dekrè Egzekitif Nimewo 23, ki te pibliye 1ye septanm 1983 (Ki te Kreye Biwo New York State Ombudsman);

Dekrè Egzekitif Nimewo 26, ki te pibliye 7 oktòb 1983 (Ki te mande Biwo Eta Defans pou Moun Andikape yo revize kòmantè sou politik ki afekte moun andikape yo);

Dekrè Egzekitif Nimewo 34, ki te pibliye 13 janvye 1984 (Ki te Kreye Konsèy Konsiltatif Dwa Moun Eta New York);

Dekrè Egzekitif Nimewo 46, ki te pibliye 28 out 1984 (Ki te Lonmen Kanpis Bilding Eta ki nan Albany kòm Kanpis Bilding Biwo Eta nan Kanpis Gouvènè W. Averell Harriman);

Dekrè Egzekitif Nimewo 56, ki te pibliye 20 desanm 1984 (Ki te Kreye Gwoup Travay Eta New York sou Lavi ak Lalwa);

Dekrè Egzekitif Nimewo 66, ki te pibliye 5 jen 1985 (Ki te kreye Komite Konsiltatif Gouvènè a pou Afè Moun Nwa);

Dekrè Egzekitif Nimewo 77, ki te pibliye 31 oktòb 1985 (Ki te detèmine kantite manm Komisyon Martin Luther King, Jr.);

Dekrè Egzekitif Nimewo 80, ki te pibliye 21 mas 1986 (planifikasyon lajistis jivenil);

Dekrè Egzekitif Nimewo 82, ki te pibliye 2 me 1986 (Ki te kreye Biwo Gouvènè a pou Afè Ispanik);

Dekrè Egzekitif Nimewo 95, ki te pibliye 15 avril 1987 (Ki te Deziyen Komisyon Preparasyon pou Katastwòf kòm Komisyon Repons Eta a pou Ijans);

Dekrè Egzekitif Nimewo 96, ki te pibliye 27 avril 1987 (Ki te Ankouraje yon politik Eta New York kont diskriminasyon ki baze sou laj nan espas travay);

Dekrè Egzekitif Nimewo 97, ki te pibliye 27 avril 1987 (Ki te Deziyen Komite Sekirite Sikilasyon Machin Gouvènè a kòm Ajans Eta pou kowòdone ak apwouve pwogram sekirite otowout Eta a);

Dekrè Egzekitif Nimewo 98, ki te pibliye 13 me 1987 (Ki te Kreye yon nouvo Konsèy Eta a pou Edikasyon Medikal Inivèsitè);

Dekrè Egzekitif Nimewo 100, ki te pibliye 31 out 1987 (Ki te Lonmen Building Biwo Eta a kòm Bilding Biwo Eta Dulles);

Dekrè Egzekitif Nimewo 111, ki te pibliye 11 out 1988 (Ki te Mande Pwokirè Jeneral la pou mennen ankèt sou afè krim ki asosye avèk diskriminasyon);

Dekrè Egzekitif Nimewo 114, ki te pibliye 9 desanm 1988 (Ki te Lonmen Bilding Biwo Eta Poughkeepsie kòm Bilding Biwo Eta Eleanor Roosevelt);

Dekrè Egzekitif Nimewo 125, ki te pibliye 22 me 1989 (ki te Kreye yon konsèy ajans ki pou fè kontra yo);

Dekrè Egzekitif Nimewo 130, ki te pibliye 4 desanm 1989 (Ki te kreye yon fòs entèvansyon kont pwofi aktivite kriminel pou mennen ankèt epi pouswiv nan lajistis aktivite ki fè vyolasyon Lwa Penal, Fiskal ak Operasyon Bankè konsènan aktivite blanchi lajan);

Dekrè Egzekitif Nimewo 131, ki te pibliye 4 desanm 1989 (Ki te kreye plan pou pran desizyon administratif yo);

Dekrè Egzekitif Nimewo 135, ki te pibliye 27 fevriye 1990 (Ki te endike pwosedi pou afekte kredi lojman pou moun ki pa touche ase lajan dapre Lwa 1986 sou Refòm Fiskal, selon amannman);

Dekrè Egzekitif Nimewo 147, ki te pibliye 31 jiyè 1991 (Ki te kreye yon Biwo Relasyon Endyen);

Dekrè Egzekitif Nimewo 150, ki te pibliye 9 oktòb 1991 (Fason pou Ajans Eta yo itilize ak devlope nouvo teren ki nan Adirondack Park);

Dekrè Egzekitif Nimewo 158, ki te pibliye 23 jen 1992 (Ki te lonmen Bilding New Scotland Avenue Laboratory kòm David Axelrod Institute for Public Health);

Dekrè Egzekitif Nimewo 169, ki te pibliye 22 mas 1993 (Ki te mande Ajans Eta yo pou Aji Kòm sadwa avèk Plan Kontwòl Upper Delaware River);

Dekrè Egzekitif Nimewo 170.1, ki te pibliye 23 jen 1993 (Ki te kreye Gid Komen pou Detèmine Responsablite Soumisyonè yo); epi

Dekrè Egzekitif Nimewo 179, ki te pibliye 30 desanm 1993 (Ki te kreye Komisyon Eta New York pou Sèvis Nasyonal ak Kominotè).

C. Dekrè Egzekitif Gouvènè George E. Pataki

Dekrè Egzekitif Nimewo 20, ki te pibliye 30 novanm 1995 (Ki te Kreye pozisyon Direktè Refòm Kontwòl Eta a);

Dekrè Egzekitif Nimewo 26.1, ki te pibliye 28 septanm 2006 (ki te Mete Sistèm Kontwòl Nasyonal Ensidan nan Sistèm Kontwòl pou Repons pou Ijans);

Dekrè Egzekitif Nimewo 40, ki te pibliye 26 jiyè 1996 (Ki te mande Ajans Eta yo pou Anrejistre Kredi Rediksyon Emisyon);

Dekrè Egzekitif Nimewo 45, ki te pibliye 13 novanm 1996 (Ki te Kreye pozisyon Direktè Pwoteksyon Konsomatè Eta a);

Dekrè Egzekitif Nimewo 49, ki te pibliye 12 fevriye 1997 (Ki te kreye Pwosedi pou Konsidere, nan Kapasite Pwopriyete li, Itilizasyon Youn oswa Plizyè Kontra Travay sou Pwojè);

Dekrè Egzekitif Nimewo 50, ki te pibliye 1ye oktòb 1996 (Ki te kreye yon Komisyon Gouvènman pou Mennen Ankèt sou Byen Viktim Olokos yo);

Dekrè Egzekitif Nimewo 51, ki te pibliye 20 me 1997 (Aktivite Ajans Eta yo Nan Liy Separasyon Vil New York);

Dekrè Egzekitif Nimewo 57, ki te pibliye 23 oktòb 1997 (ki te kreye Pwoteksyon Liy Separasyon ak Konsèy Patenarya Vil New York);

Dekrè Egzekitif Nimewo 83, ki te pibliye 1ye jiyè 1998 (ki te kreye Komisyon Meday Libète Jackie Robinson Empire State ak Meday Libète Jackie Robinson Empire State);

Dekrè Egzekitif Nimewo 86, ki te pibliye 19 out 1998 (ki te kreye Enspektè Jeneral Liy Separasyon Vil New York);

Dekrè Egzekitif Nimewo 109, ki te pibliye 9 me 2001 (ki te kreye yon Pwokirè Espesyal pou Mennen Ankèt ak Pouswiv Lajistis Zak Kriminèl ki Asosye avèk reklamasyon Asirans Veyikil-a-Motè ki gen Fwod);

Dekrè Egzekitif Nimewo 111, ki te pibliye 11 jen 2001 (Ki mande Ajans Eta yo pou yo Itilize Enèji avèk Efikasite a epi pou yo Pwoteje Anviwònman an: “Bilding ak Veyikil Eta a ki Ekolojik ak Pwòp”);

Dekrè Egzekitif Nimewo 116, ki te pibliye 7 janvyè 2002 (Rekonstitisyon Gwoup Travay Kontwòl Sechrès Eta a);

Dekrè Egzekitif Nimewo 117, ki te pibliye 28 janvyè 2002 (Ki te kreye Pozisyon Dirijan Prensipal Enfòmasyon (CIO) Eta New York);

Dekrè Egzekitif Nimewo 125, ki te pibliye 24 mas 2003 (Ki te mande ofisyèl Eta a pou Asire yo Akòde Pwoteksyon ak Avantaj Apwopriye pou Manm Fòs Lame Rezèv Etazini ak Milis Òganize Eta New York);

Dekrè Egzekitif Nimewo 128, ki te pibliye 16 jen 2003 (Deziyasyon Lower Manhattan Development Corporation pou Fè Revizyon Konsekans sou Anviwònman epi pou Satisfè Egzijans pou Resevwa Asistans Federal Anrapò Avèk Re-Devlopman Lower Manhattan apre Atak Teworis 11 septanm 2001 yo); epi

Dekrè Egzekitif Nimewo 142, ki te pibliye 21 novanm 2005 (ki te mande Ajans ak Otorite Eta yo pou Divèsifye Rezèv Konbistib Transpò ak Gaz Chofaj nan Itilizasyon Byo-Konbistib nan Veyikil ak Bilding Eta yo).

D. Dekrè Egzekitif Gouvènè Eliot L. Spitzer

Dekrè Egzekitif Nimewo 3, ki te pibliye 1ye janvyè 2007 (Pwomosyon Aksè Piblik la nan Desizyon Gouvènman an);

Dekrè Egzekitif Nimewo 8, ki te pibliye 18 fevriye 2007 (ki te kreye MWBE Executive Leadership Council ak MWBE Corporate Roundtable);

Dekrè Egzekitif Nimewo 9, ki te pibliye 5 mas 2007 (ki te mande Manm Komisyon Depatman Sèvis Koreksyonèl yo pou Entèdi Sèten Delenkan Patisipe nan Pwogram Libète Tanporè);

Dekrè Egzekitif Nimewo 13, ki te pibliye 18 me 2007 (Ki te Kreye Konsèy Eta New York pou Politik Alimantè);

Dekrè Egzekitif Nimewo 16, ki te pibliye 12 jen 2007 (ki te kreye Children’s Cabinet Gouvènè a);

Dekrè Egzekitif Nimewo 17, ki te pibliye 5 septanm 2007 (ki te kreye Gwoup Travay Aplikasyon Miks sou Move Klasman Anplwaye);

Dekrè Egzekitif Nimewo 19, ki te pibliye 22 oktòb 2007 (Ki te mande Adopsyon Règleman kont Vyolans nan Kay ak Règleman nan Espas Travay); epi

Dekrè Egzekitif Nimewo 20, ki te pibliye 4 desanm 2007 (ki te kreye Smart Growth Cabinet Gouvènè a).

E. Dekrè Egzekitif Gouvènè DAVID A. Paterson

Dekrè Egzekitif Nimewo 2, ki te pibliye 9 avril 2008 (ki te kreye yon Konsèy Planifikasyon Enèji Eta epi ki te Otorize Kreyasyon ak Egzekisyon yon Plan Enèji Eta);

Dekrè Egzekitif Nimewo 4, ki te pibliye 25 avril 2008 (ki te kreye Pwogram Apwovizyonman Ekolojik ak Konsolidasyon Ajans);

Dekrè Egzekitif Nimewo 5, ki te pibliye 27 me 2008 (Deziyasyon yon Manm Komisyon pou Etidye, Egzamine, Mennen Ankèt, epi Revize Kontwòl ak Afè Komisyon Waterfront Pò New York);

Dekrè Egzekitif Nimewo 6, ki te pibliye 4 jen 2008 (Pou Asire Rantabilite Kontra pou Sèvis Pèsonèl yo);

Dekrè Egzekitif Nimewo 7, ki te pibliye 18 jen 2008 (Entèdiksyon kont Itilizasyon Pèsonèl Pwopriyete Eta a ak Kontribisyon nan Kanpay pou Gouvènè a);

Dekrè Egzekitif Nimewo 8, ki te pibliye 18 jen 2008 (ki te kreye Komite Evalyasyon Jidisyè pou Asire yo Deziyen pi Bon Kalite Ofisye Jidisyè yo);

Dekrè Egzekitif Nimewo 12, ki te pibliye 11 novanm 2008 (ki te kreye Konsèy Eta New York pou Veteran ki Retounen ak Fanmi yo);

Dekrè Egzekitif Nimewo 16, ki te pibliye 15 avril 2009 (ki te kreye Konsèy Eta Addictions Collaborative to Improve Outcomes for New Yorkers (ACTION));

Dekrè Egzekitif Nimewo 17, ki te pibliye 27 avril 2009 (ki te kreye Mezi pou evalye Depans Otorite yo nan Gouvènman Lokal pou Vanse Soulajman Fiskal sou Pwopriyete);

Dekrè Egzekitif Nimewo 18, ki te pibliye 5 me 2009 (Restriksyon sou Itilizasyon Dlo nan Boutèy nan Bilding Eta ak Pwomosyon Dirabilite Ajans Egzekitif);

Dekrè Egzekitif Nimewo 20, ki te pibliye 29 me 2009 (Nominasyon Bilding Lajistis Eta Robert Abrams Building pou Dwa ak Lajistis);

Dekrè Egzekitif Nimewo 22.1, ki te pibliye 22 jen 2010 (ki te kreye yon Konsèy Broadband Development and Deployment);

Dekrè Egzekitif Nimewo 24, ki te pibliye 6 out 2009 (ki te kreye yon Objektif pou Emisyon Gaz Efè Tèmik a Katreven Pousan nan Ane 2050 ak Preparasyon yon Plan-daksyon pou Klima);

Dekrè Egzekitif Nimewo 25, ki te pibliye 6 out 2009 (ki te kreye yon Pwogram Revizyon Kontwòl ak Refòm);

Dekrè Egzekitif Nimewo 27, ki te pibliye 1ye septanm 2009 (Otorizasyon Off-Track Betting Corporation Vil New York pou Fè Petisyon Anba Dispozisyon Lwa Etazini pou Konpozisyon oswa Ajisteman Dèt Minisipal);

Dekrè Egzekitif Nimewo 31, ki te pibliye 25 novanm 2009 (ki te Fikse Responsablite, Fonksyon ak Pouvwa Komite Sipèvizyon Stimulus);

Dekrè Egzekitif Nimewo 32, ki te pibliye 14 desanm 2009 (ki te Kreye Gwoup Travay Gouvènè a pou Aplikasyon Lwa 2009 sou Refòm Otorite Piblik yo);

Dekrè Egzekitif Nimewo 33, ki te pibliye 16 desanm 2009 (Entèdiksyon Pratik Diskriminasyon nan Travay Eta a sou Baz Idantite Sèks);

Dekrè Egzekitif Nimewo 35, ki te pibliye 18 fevriye 2010 (Anilasyon Seksyon II Dekrè Egzekitif 142);

Dekrè Egzekitif Nimewo 38, ki te pibliye 8 jen 2010 (Kontinyasyon Gwoup Travay Gouvènè pou Aplikasyon Lwa sou Refòm Otorite Piblik yo);

Dekrè Egzekitif Nimewo 39, ki te pibliye 4 novanm 2010 (Kreyasyon Politik Eta pou Pwomosyon Bitasyon Lokal Dirab ak pwoteksyon Teren Agrikòl yo);

Dekrè Egzekitif Nimewo 41, ki te pibliye 13 desanm 2010 (pou Mande Lòt Revizyon Gwo Volim Fraktirasyon Idwolik sou Anviwònman an nan Marcellus Shale);

Dekrè Egzekitif Nimewo 42, ki te pibliye 13 desanm 2010 (Kreyasyon yon Règleman pou Kontwòl Dosye Biwo Egzekitif la);

Dekrè Egzekitif Nimewo 43, ki te pibliye 15 desanm 2010 (Kontinyasyon Sant Kòmman Konstwiksyon Lower Manhattan);

Dekrè Egzekitif Nimewo 44, ki te pibliye 17 desanm 2010 (ki te mande Re-afektasyon Alokasyon Obligasyon yo Te Deside Anile pou Sant Zòn Redrèsman); epi

Dekrè Egzekitif Nimewo 45, ki te pibliye 30 desanm 2010 (Deklarasyon yon Ijans pou Ka Deziyen Ofisye Lapolis New Jersey ak Connecticut kòm Ofisye Lapolis Chemennfè pou Bay Plis Sekirite pou Vwayajè ki Tren, Otobis ak Feri).

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, premye jou mwa janvye ane de
mil onz.

GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a